tizmdi kúsheytip baradı. Shıǵarmada kompozitor túrli polifoniyalıq, kontrapunkt, kanonlıq hár qanday milliy ırǵaqlardı ornı menen qoyıp qollana bilgen. Usı kontrastlı baylanıslardan keyin xalıq teması jeńip shıǵıp, quwanıshlı kewilli major tonallıǵında repriza baslanadı. Bunda shadlı oyın kúlkiler menen xalıqtıń keleshekke bolǵan jaqsı úmitleriniń iske asıratuǵınınan derek beredi. Simfoniyada dramatizm baslı roldi atqarıp, onda xalıq dástanları menen namalarınan citata almay, tek ǵana intonaciyasınan paydalanıp, jáne onı túrli tonallıqlarǵa ótkerip kompozitor sheberligin qollap milliy koloritti bayıtıp ájayıp bir shıǵarma dóretken. Simfoniyalıq poema 1970-jılı Qazaqstan Respublikasınıń 50 jıllıq merekesinde atqarılıp, eń jaqsı muzıkalıq shıǵarma dep maqullanıp, birinshi orındı alıwǵa muwapıq boldı [1:15]. Kompozitordıń bul keń ómirge úlken mádeniyatqa qaray taslaǵan keń qádemi boldı. 1971-jılı Moskva qalasında shıǵatuǵın "Музыкальная жизнь" N.Muxammeddinovtıń "Posqan el" simfoniyalıq poeması óziniń tásirsheńligi, muzıkalıq obrazlardıń salmaqlılıǵı hám óziniń anıqlılıǵı menen ayrıqsha kózge taslanadı [2], dep joqarı baha bergen. Kórnekli muzıkatanıw iliminiń ǵayratkeri Tájigul Adambaeva óziniń "Qosıqtan operaǵa shekem" atlı miynetinde de shıǵarmanı joqarı bálentlikke alıp shıqqan edi [6].

Muzıkalıq shıǵarmalardı hám muzıkalıq stil, janrdı talıqlaw muzıkatanıw iliminde oraylıq mashqala bolıp esaplanadı, sebebi kompozitor dóretpelerin talıqlaw onıń stilin anıqlaw ushın insanda tereń bilim hám kónlikpelerdi, talap etedi. Izertlewshilik kóz qarastan qaraǵanda garmoniya, melodiya, polifoniya, metrika, tembr, janr hám taǵı basqa hámme tárepleme tolıǵı menen kompleks tárizde talıqlaw muzıka tariyxı iliminde muzıkalı stilistikalıq principtiń nızamlıǵın ashıp beriwge imkan jaratdı.

Juwmaq ornında aytıw kerek, joqarıda keltirilgen kompozitordıń simfoniyalıq poeması bunnan tısqarı túrli janrlardaǵı shıǵarmaların ele muzıka sınshılıq kóz qarastan úyrenip talıqlaw onı keleshek áwlad ushın oqıw materialı sıpatında qaldırıw úlken ilim hám izleniwdi talap etedi. Usı keltirilgen maǵlıwmatlar nátiyjesinde simfoniyalıq poema janrınıń tariyxı, kelip shıǵıwı hám usı janrda dóretiwshilik etken kompozitorlar haqqında, solardan Najimaddin Muxammeddinov dóretiwshiligine tiyisli simfoniyalıq poemasına murajat ettik.

**Ádebiyatlar**


1. Alımov Á, Adambaeva T. Ataqlı sazgerler. –Nókis: 2012. 15-b.
2. Adambaeva T. Qosıqtan operaǵa shekem. //"Ámiwdarya" №10. 1974.
3. Абатбаева Р.А. "Қорақалпоғистон мусиқа маданиятини ривожланишида машҳур бастатор Н.Муҳаммеддиновнинг ўрни." Oriental Art and Culture 3.1 (2022): 648-653.
4. Abatbaeva R.A. "The manifestation of european and national traditions in the opera" Gulayim"." International Journal of Philosophical Studies and Social Sciences 2.2 (2022): 185-187.
5. Абатбаева Р.А. "Композитор Нажимаддин Мухаммеддинов ижодида тарихий сиймолар." Journal of Culture and Art 1.1 (2023): 60-66.
6. Солудуха Я. Молодые композиторы Казахстана. // «Музыкальная жизнь». -Москва: №2, 1975.
7. Uspenskiy V. "Buxoro shashmaqomi"ni notaǵa túsirgende «Шесть музыкальных поэм» –Москва: 1924.
8. Янов-Яновская Н.С. «Узбекская симфоническая музыка». -Т.: 1979. –С. 126.
9. Канчели М.А. Крупная одночастная форма в зарубежной музыке XIX и начала XX века. // «Вопросы теории музыки». -М.: 1975 вып. 2. –С.153-172.
10. Камалова Д.Э. Баспасөзде новелланың жанрлық өзгешелиги (Жанровые особенности новеллы в прессе) [Genre features of the novel in print]. // Материалы республиканской научно-практической конференции. – Нукус: «Наука». 2019.



**REZYUME.** Ushbu maqolada XIX-XX asrlarda O'rta Osiyo davlatlarida simfonik musiqaning hayotida simfonik poema janri G'arb musiqa madaniyatida shakllana boshlagani va O'zbekiston va Qoraqalpog'iston kompozitorlari ijodida turli namunalar yartilishi, shu tariqa kompozitor N.Muxammeddinov ijodida simfonik poema janrida yaratilgan asari "Posqan el" poemasining tahlili haqida ma'lumotlar keltiriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается жанр симфонической поэмы в жизни симфонической музыки в странах Средней Азии в XIX-XX веках. Становление западной музыкальной культуры и появление различных примеров в творчестве композиторов Узбекистана и Каракалпакстана, Таким образом, даются сведения об анализе стихотворения «Поскан ел», созданного в симфоническом жанре композитором Н.Мухаммеддиновым.

**SUMMARY.** This article examines the genre of the symphonic poem in the life of symphonic music in the countries of Central Asia in the 19th-20th centuries. The formation of Western musical culture and the emergence of various examples in the works of composers of Uzbekistan and Karakalpakstan. Thus, information is given on the analysis of the poem "Posqan el", created in the symphonic genre by composer N. Muhammeddinov.


## KREATIV OYLAW HÁM KOMMUNIKATIV KOMPETENCIYA MASHQALALARÍNÍŃ ÓZ-ARA QATNAS MÁSELESI


**B.T.Abdiev –** *tayansh doktorant*

*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** kommunikativ, kompetensiya, kreativ, modernizatsiya, madaniyat, jamiyat, innovatsiya, metod, sistema, integratsiya, diversifikatsiya.

**Ключевые слова:** коммуникатив, компетенция, креатив, модернизация, культура, общество, инновация, метод, система, интеграция, диверсификация.

**Key words:** communicative, competence, creative, modernization, culture, society, innovation, method, system, integration, diversification.


Respublikamız bilimlendiriw sistemasın reformalawda shet el tájiriybelerine tiykarlanǵan halda xalıq aralıq standartlarǵa sáykes keletuǵın oqıw dásturleri menen muwapıqlastırıw joqarı pedagogikalıq bilimlendiriw sistemasın jetilistiriwge tiykar boladı. Bul boyınsha 2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarǵı jónelisi boyınsha Háreketler strategiyasında korsetilgenindey, mámleketimizde "Tálim hám tálim sıpatın bahalawdıń xalıq aralıq standartların engiziw tiykarında joqarı bilimlendiriw shólkemleriniń sıpatı hámde nátiyjeliligin asırıw, ilimiy innovaciya hám jetiskenliklerin ámeliyatqa engiziwdiń nátiyjeli mexanizmlerin jaratıw" kadrlar tayarlawdıń sıpat dárejesin asırıw, xalıq aralıq standartlar tiykarında tájiriybeli kadrlar tayarlaw búgingi kún bilimlendiriw sisteması ushın júdá zárúr.

Jáhán tálim hám ilimiy izzertlew shólkemlerinde sıpatlı bilimlendiriw beriw imkaniyatların qáliplestiriw jańalıqlardı jaratıw boyınsha ilimiy izertlewler alıp

barılmaqta. Talabalardıń qabiletlerin rawajlandırıw arqalı intellektual háreketler iskerligin asırıw qábiletlerin rawajlandırıw maǵlıwmatlar almasıwı, zamanagóy pedagogikalıq hám kommunikaciyalıq texnologiyalardı qáliplestiriw, bilim hám kónlikpelerdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan ilimiy izertlewler alıp barılmaqta. Házirgi globallasıw shárayatında dúnya júzi mámleketleri ortasında óz-ara jaqınlasıwlar bolıp atırǵanlıǵı hesh kimge sır emes. Globallasıw processinde bunday jaqınlasıwlar mádeniyatlardıń óz-ara ulıwmalasıwın, ilim-pán, jańa innovaciyalıq joybarlardıń islep shıǵılıwın hám de barlıq tarawlardıń rawajlanıwın belgilep berdi. Bul tek ǵana bir tarawdı qamtıp qoymastan barlıq tarawlarda ózine tán bolǵan áhmiyetke iye boldı. Bul ásirese bilimlendiriw tarawına úlken tásir etedi. Talabalardıń bilim alıwı, olardı ámeliyatta qollawı menen baylanıslı boldı. Globallasıw shárayatında talaba jaslardan tek ǵana tásir obyektine aylanıp qalmastan tásir subyektine aylanıwǵa shaqırmaqta. Bul bolsa olardan jańasha kózqaras talap etpekte. Talaba jaslardıń kommunikativlik kompetensiyasın jetilistiriw procesi shaxs rawajlanıwı hámde kreativ pikirlewi menen processlerdi analizlewi, olardı meńgere alıwı búgingi kún ushın sheshiwshi áhmiyetke iye bolmaqta.

Haqıyqatında da búgingi kúnde jámiyet hám mámleket táǵdirin belgilep beretuǵın, talaba jaslarǵa zárúrlik júda joqarı. Bunday jaslardı tárbiyalawda oqıw procesin modernizaciyalaw, diversifikaciyalaw hám bir qatar reformalardı ámelge asırıw kerekligin búgingi kúnniń ózi tastıyıqlamaqta.

Zamanagóy ilim hám bilimlendiriw óz rawajlanıwında jańadan jańa usıllardı alıp keliw zárúrligin kórsetpekte. Hár qanday ilim hám bilimlendiriw metodlarsız bolmaydı. Belgili fransuz alımı, filosof R.Dekart aytqanınday “metodsız háreket etiwshi ilimpaz, qarańǵıda jol izlep júrgen adamǵa uqsaydı. Ol óz jolın súrnigip, adasıp tabadı, al metod penen háreket etiwshi ilimpazdı qarańǵıda shıra menen háreket etiwshi adamǵa megzetiwge boladı. Bul adam óz jolın tez tawıp aladı”. Demek, adam ádebiyattan, teatrdan, kinodan kommunikativ processlerdiń áhmiyeti, shaxslar hám olar arasındaǵı óz ara múnásibetler, mashqalaları hám olardı qanday sheshiw kerekligi haqqında maǵlıwmat beredi.

Kommunikativ kompetentlik tarawdı ózlestiriw procesinde talabalar mádeniy ortalıqtan kommunikativ proceslerdi awızeki hám vizual formalarında diskussiya qılıw kerekligin ańlatadı. Usı orında kommunikativ kompetensiyanıń tiykarǵı mánisine toqtalıp otetuǵın bolsaq, kommunikativ kompetenciya-bul quramalı kommunikaciya qabilet hám uqıpliqlarǵa iyelik etiw, jańa sociallıq dúzimlerde jeterli kadrlardı jetilistiriw, kommunikativlik tarawdaǵı baylanıs qaǵıydaların biliw, ádep-ikramlıq qaǵıydalarına ámel etiw hám basqada kóp túsiniklerdi óz ishine qamtıydı. Sonlıqtan da bilimlendiriwde jańa kreativ pikirlerdi jaratıwshı metodlar zárúr.

Házirgi dáwirde dúnya mámleketlerinde tálim sistemasın rawajlandırıwǵa talabalardıń hám oqıwshı jaslardıń kreativ aktivligin asırıwda kommunikativlik kompetenciyasın rawajlandırıw júdá áhmiyetli sanaladı. Tálim procesiniń áhmiyetli belgisi onıń shaxsqa baǵdarlanǵanlıǵı esaplanadı. Kommunikativlik kompetenciya insannıń sociallıq roli hám ayrıqshalıǵı menen baylanıslı. Ol awizeki hám awızeki bolmaǵan baylanıs processleriniń beyimleskenligi hám olardan paydalanıw erkinligin názerde tutadı, ham insannıń ózine tábiyiy hám sociallıq álemge bolǵan múnásibetler sistemasın tártipke salıwshı kategoriya sıpatında qaralıwı múmkin [1:133].

Xalıqaralıq civilizaciyalıq rawajlanıw dáwirinde social ózgerislerdiń dinamikası sonı kórsetedi, yaǵnıy dúnyanıń rawajlanıwında jetilisiwinde úlken ilimiy innovaciyalar júdá zárúrli sanaladı. Innovaciyalardıń islep shıǵılıwı álbette studentlerdiń bilim dárejesi, intellektuallıq potenciallarınıń jetilistiriwge qaratılǵan jańa pedagogikalıq talaplar menen tıǵız baylanıslı. Házirgi kúnde pedagogika iliminde mashqalalı tálim tusinigi bar bolıp, kópshilik ilimpazlardıń miynetlerinde sol áhmiyetli tárepler kórsetiledi, yaǵnıy tálim processinde mashqalalı jaǵdaylarǵa tiyisli studentlerdiń ǵárezsiz iskerlik alıp barıwı hám sheshimlerin ǵárezsiz ámelge asırıwına tiyisli bilimlerdiń jaratılıwına tiykar bolatuǵının korsek boladı.

Usı orında kreativ sózine toqtap kreativlik (latınsha inglizshe “create”-jaratıw, creativ-jaratıwshı dóretiwshi) degen mánisti ańlatadı [2:198] Individtiń jańa ideyaların islep shıǵarıwǵa tayarlıǵın xarakterleytuǵın hám ǵárezsiz faktor sıpatında uqıplılıqtıń quramına kiriwshi dóretiwshilik qábileti. E.P.Torrens pikirine kóre “kreativlik” túsinigi negizinde tómendegiler kórsetiledi:

-mashqalanı yáki ilimiy boljawlardı ilgeri súrıw

- ilimiy boljawlardı tekseriw hám ózgerttiriw

-qarar nátiyjelerdi qáliplestiriw tiykarında mashqalanı anıqlaw [3:16].

Kreativ mashqala sheshimin tabıwda bilim hám ámeliy háreketlerdiń óz-ara qarama qarsılıǵına kóre tásirsheńlik Kreativ pikirlew hár bir social tarawda óziniń kórinisin tabıwı múmkin. Ótken ásirdiń ekinshi yarımına shekem shaxstıń kreativligi intelektuallıǵı menen birdey dárejede bahalanǵan hám óziniń tábiyatına kóre intellektten túpten parıq qıladı. Ol shaxstı rawajlandırıwǵa qaratılǵan, túsinik sıpatında insan aqılı, hám onıń ruwxıylıǵınıń ajıralmas bólegi esaplanadı. Kreativ oylaw qabileti insanǵa tuwma beriledime, yáki insan ómiri dawamında tájiriybe tiykarında arttırılama degen eki bir-birine qarama qarsı kózqaraslar bar. Negizinde kreativlik oylaw tuwma tárizde hámmede bar bolıwı múmkin [4]. Ekinshi kózqarasta kreativlik insan ómiri dawaminda qáliplesip rawajlanıp baradı. Kreativliktiń payda bolıwı yamasa bolmawınıń bir qatar sebepleri bar. Qorshaǵan ortalıq hámde bilimlendiriwdiń mazmunı hám metodikası kreativlik oylawdıń júzege keliwi hám rawajlanıwınıń bas faktorı esaplanadı. Bilimlendiriwde kreativlik qabiletti rawajlandırıw júdá áhmiyetli. Bul ushın ayırım mashqalalardıń ashıq qaldırılıwı ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul processte túrli innovaciyalıq hám integraciyalıq jantasıwlardı qollaw imkaniyatın támiynlew hámde arnawlı wazıypalardı júzege keltiriw nátiyjesinde tálim alıwshılardıń dóretiwshilik qabiletin rawajlanıradı. Kreativ pikirlew búgingi jaslar iye bolıwı kerek bolǵan áhmiyetli kónlikpe sanaladı, bul kónlikpe olarǵa házirgi kúnde XXI asir kónlikpelerge iye kadrlardıń dúnyaǵa maslasıwına kómeklesedi. Adamlardıń dúnyaǵa kóz-qarası tek ǵana olardıń dúnya haqqındaǵı bilimlerinde kórinip qoymastan, al olar tárepinen bul maǵlıwmattıń talqılanıwında da, qanday juwmaq shıǵarıwında da, qalay háreket etiwinde de kórinedi [5:69].

Kommunikativ kompetenciya hám kreativlik búgingi kún tálim sistemasında talabalardıń bilim hám kónlikpelerin asırıw ushın áhmiyetli orın tutatuǵının kórsek boladı. Ulıwmalastırıp aytqanda talaba jaslarda kreativ oylawdı qáliplestiriwde ishki hám sırtqı faktorlar oǵada áhmiyetli. Ishki hám sırtqı faktorlardı, talabanıń individual ózgesheliklerin esapqa alıw kerek. Sonıń menen bir qatarda bilimlendiriw procesinde oqıtıwdıń jańa innovaciyalıq texnologiyaların qollanıw búgingi kún zaman talabı ushın ahmiyetli sanaladı. Jáne de talabalarda kommunikativ kompetenciya hám kreativlik kónlikpelerin qáliplestiriw olarǵa quramalasıp baratırǵan jergilikli hám global mashqalalardı ózgeshe usıllar arqalı sheshimin tabıw imkaniyatın beredi.

## Ádebiyatlar

1. Аганисьян В.М. Психолого-дидактические основы творческого взаимодействия преподавателя и обучающихся в процессе учебного диалога. СПб. : ЛОИРО, 1998. –С. 133.

2. Педагогик энциклопедия. –Тошкент: 2015. II-жилд 198-б.
3. Kreativ fikrlash. –Toshkent: “Innavatsiya-Ziyo” 16-b.
4. Данилина Е.К. Креативность и обучение. Территория новых возможностей. // Вестник ВГУЭС. № 4, 2015.
5. Xoliqov A. Pedagogik mahorat. –Toshkent: 2011. 69-b.

**REZYUME**. Ushbu maqolada zamonaviy ta’limdagi bir qator muammolar tahlil qilingan. Oliy ta’lim tizimida talabalarda kommunikativ kompetensiyaga oid tushunchalar va kreativ fikrlashning afzalliklari batafsil tahlil qilingan. Kommunikativ kompetensiya va kreativ fikrlashni rivojlantirishga boǵliq taklif va mulohazalar keltirib o‘tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется ряд проблем современного образования. В системе высшего образования всесторонне проанализированы и сделаны выводы коммуникативной компетенции и преимуществах творческого мышления у студентов. Внесены предложения и соображения, связанные с развитием коммуникативной компетенции и творческого мышления.

**SUMMARY.** This article analyzes a number of problems of modern education. Comprehensively analyzed and made conclusions about the communicative competence and the benefits of creative thinking among students. In the system of higher education Suggestions and considerations are made related to the development of communicative competence and creative thinking.

## OLIY TA’LIMDA TADQIQOT ISHLARINI YOZISH JARAYONIDA TANQIDIY FIKRLASHNING O‘RNI

**F.B.Abdikarimova –** *tayanch doktorant*
*Urganch davlat universiteti*

**Tayanch so‘zlar:** dalillarni izohlash, ma‘lumot, argument, topshiriq savol, axborot globallashuv, akademik yozuv.

**Ключевые слова:** интерпретировать доказательства, данные, аргумент, задание, вопрос, глобализация информации, академическое письмо.

**Key words:** interpret evidence, data, argument, assignment, question, information globalization, academic writing.

Bugun biz juda ko‘p ma’lumotlar bilan ishlashimizga to‘g‘ri keladi. Ayni glaballashuv davrida bizni turli-tuman axborotlar qamrab olyapti. Zamon shu darajada shiddat bilan o‘zgaryaptiki, insoniyatdan turli xildagi ma’lumotlarni tezda ilg‘ab, ularni tahlil qilish va qabul qilib olish talab qilinmoqda. Turli ma’lumotlarni qabul qilar ekanmiz, bu ma’lumotlarning qay biri to‘g‘riyu, qaysinisi noto‘g‘ri, asoslangan yoki asoslanmagan, o‘ylab topilganligini ajratish qiyin, albatta. Ko‘p sonli ma’lumotlarga ega bo‘lgan va dezinformatsiya tobora ko‘payib borayotgan raqamli dunyoda mantiqiy va tanqidiy fikrlashning ahamiyatini inkor etmaslik kerak.

Zamonaviy jamiyatda turli sabablarga ko‘ra oliy ta’limga e’tibor kuchaymoqda. Buning sabablaridan biri sifatida so‘nggi yillarda globallashuv davrida talabalarning keng qamrovli ma’lumotlar bilan o‘ralganligini keltirish mumkin. Binobarin, oliy o‘quv yurtlarida talabalar yozma topshiriqlarni yozish jarayonida olingan har bir ma’lumotni tahlil va sintez qilish orqali eng to‘g‘ri xulosa chiqarish ko‘nikmasiga ega bo‘lishi kerak. Bunday vaziyatda tanqidiy fikrlashning o‘rni juda muhimdir.

Aniq va oqilona fikrlash qobiliyati, mustaqil hamda mulohazali fikrlash bilan shug‘ullanish, o‘quvchilarga o‘z fikrlarini shakllantirish va yaxshi tanlov qilish imkoniyatini beradi. Shuning uchun bu akademik muvaffaqiyatga erishishning kalitidir.

Adabiyotlarda tanqidiy fikrlash quyidagicha ta’riflangan:

“Javob yoki xulosaga kelish uchun ma’lumotni faol va mohirlik bilan konsepsiya qilish, qo‘llash, tahlil qilish, sintez qilish va baholash jarayoni” [2].

“Aniq, oqilona, ochiq fikrlaydigan va dalillar bilan xabardor qilingan intizomli fikrlash” [2].

“Fikrlash, tahlil qilish, baholash va xulosalar chiqarish bilan bir qatorda ushbu qarorga asoslangan daliliy, kontseptual, uslubiy, kriteriologik yoki kontekstli mulohazalarni tushuntirishga olib keladigan maqsadga muvofiq, o‘z-o‘zini tartibga soluvchi qaror” [3].

“Bizning e’tiqodlarimizni shakllantirishda aqldan foydalanishni o‘z ichiga oladi. O‘z tafakkurida o‘z tafakkuridagi xatolar va g‘ayritabiiyliklarni tartibga solish va aniqlashtirish, samaradorligini oshirish, tanib olishga qaratilgan tarzda fikr yuritish” [4].

“Tanqidiy fikrlash - bu odamlardan mulohazali bo‘lishni, ularning e’tiqodi va harakatlarini boshqaradigan qarorlar qabul qilishga e’tibor berishni talab qiladigan fikrlash uslubining bir turi. Tanqidiy fikrlash odamlarga ko‘proq mantiq bilan fikr yuritishga, murakkab ma’lumotlarni qayta ishlashga va turli tomonlariga qarashga imkon beradi” [5].

Tanqidiy fikrlash yettita tanqidiy xususiyatga ega: qiziquvchanlik, turli tomonlarga ochiq fikrlilik, tizimli fikr yurita olish, tahliliylik, haqiqatga qat’iyatlilik, tanqidiy fikrlashning o‘ziga ishonchlilik [6].

Tanqidiy fikrlash jarayoni talabalarning yozuv tadqiqot ishlariga tatbiq etilsa, bu qobiliyat insho, bitiruv malakaviy ishlar, kurs ishlari, dissertatsiyalarda argumentatsiya qilish qobiliyati orqali namoyon bo‘ladi. Argumentni “pozitsiyani o‘rnatish uchun mo‘ljallangan va boshqa (yoki bir nechta) pozitsiyaga javob beradigan” bog‘liq g‘oyalar qatori sifatida ta’riflash mumkin (Andrews 1995). Argument oliy ta’limda tanqidiy fikrlashning asosiy ifodasi (Andrews 1995, Scott 2000) va yozuv tadqiqot ishini belgilovchi xususiyati sifatida qabul qilinadi (Elander et al. 2006). Bonnett (2001) ta’kidlaganidek: “Sizning yozuv ishingiz - bu sizning dalilingiz, qolgan hamma narsa shu sababli mantiqiydir” [7]. Shuning uchun yaxshi yozish yaxshi tanqidiy fikrlashning aksidir. G‘oyalar manbalari turli xil matnlardan va kuzatish, tajriba va mulohazalarga asoslangan bo‘lishi mumkin (Vardi, 1999). Demak, akademik yozishda tanqidiy fikrlash muallifning fikrlarni tushunish va tahlil qilish qobiliyatining namoyonidir.

Har bir tadqiqot yozish ishi kirish, bir nechta boblar, bir nechta asosiy paragraflar va xulosalardan iborat.

Kirish qismida markaziy muammo yoki argumentni tanlash kerak. Ushbu bo‘limda yozilgan har qanday ma’lumot butun ish nima haqida ekanligi haqida fikr beradi. shuning uchun bu bo‘limda yoziladigan fikrni tanqidiy fikrlash yordamida shunday tanlash kerakki, o‘quvchi kirishni o‘qishi bilanoq matn nima haqida ekanligini to‘liq tushunib yetadi. Buning uchun yoziladigan asar mazmunini yaxshi tushunib olish kerak. Tuzilgan, asosli dalillarni tushunish va yaratish qobiliyati tanqidiy fikrlash uchun markaziy o‘rinni egallaydi.

Asosiy paragrafini yozish jarayoni, tanqidiy fikrlash jarayoni bir necha bosqichlardan iborat. Ular quyidagilarni o‘z ichiga olishi mumkin: fikrlash, tahlil qilish, ma’lumot to‘plash, ijodkorlik, argumentlarni tuzish, qaror qabul qilish, majburiyat va munozara. Yaxshi yozma asar yozish uchun, agar u tanqidiy fikrlashning ushbu elementlarini hisobga olgan holda asosiy paragrafni yozsa, yozuvchi o‘quvchiga tushunarli narsalarni yozadi. Reflektiv fikrlash o‘quvchilarni a) yangi bilimlarni oldingi tushunchalar bilan bog‘lash, b) mavhum va kontseptual nuqtai nazardan fikrlash, c) yangi topshiriqlarda aniq strategiyalarni qo‘llash, d) o‘z fikrlash va o‘z fikrlash qobiliyatini